

Alkitab kanggo murangkalih  
Nyanggakeun

Yesus Nyageurkeun Nu Lolong



Ditulis ku: Edward Hughes

Ilustrasi/juru gambar ku:  
Janie Forest, Alastair Paterson

Disaluyukeun ku: Ruth Klassen

Ditarjamahkeun ku: Kurnia Arifin


Diproduksi ku: Bible for Children  
[www.M1914.org](http://www.M1914.org)

©2022 Bible for Children, Inc.

Lisensi: Saderek ngagaduhan hak kanggo ngopy atanapi nyetak  
carita ieu, salami sanes kanggo tujuan komersil.



Bartimeus (bar-tim-ay-us) éta hiji lalaki lolong, keur diuk di sisi jalan deukeut Yeriho. Ngemis-ngemis. Aya jalma anu balageur sigana masihan koin leutik atanapi tuangeun nalika aranjeunna ngaliwat kadinya. Bartimeus teh teu bisa digawé sabab da lolong. Manéhna ukur bisa nyuhun.



Dina hiji poe, jalan raya rame. Bartimeus ngadéngé sora loba jalma keur laliwat. Pastina aya kajadian anu teu biasa. Moal lami deui si buta bakal terang aya naon. Yesus urang Nasaret aya di kota. Jalma-jalma karumpul ningali Yesus, ngadangukeun Anjeunna.



"Yesus, Putra Daud, hampura ka abdi!" Naha  
Bartimeus ngagorowok? Ku naon manéhna nyangka  
Yésus teh bisa nulungan manéhna?



Meureun manéhna geus  
ngadéngé yen batur tos  
seueur anu dicageurkeun ku  
Yesus. Aya anu pireu, aya  
anu bisu, aya anu pincang -  
aya anu buta, sapertos  
anjeunna. "Putra Daud,  
hampura ka abdi,"  
Bartimeus tuluy ngagorowok  
deui. Sorana kakuping  
ngaharéwos.





Bartimeus yakin kana hiji hal. Upami anjeunna henteu ditulungan ayeuna, anjeunna moal kantos nampi kasempetan deui. Yésus moal pernah ngaliwat deui.





Bartimeus kudu ngahontal Yesus. Tapi jalma-jalma teh henteu ingkah. "Ssssshhh!" ceuk maranehna. Anjeunna malah dicaram ulah ribut.






Tapi Bartimeus henteu cicing.  
Anjeunna tuluy ngagorowok.  
Ngadadak Yesus liren!  
Dengekeun! Anjeunna maréntah  
éta nu buta dibawa! "Sing  
senang," ceuk jalma-jalma  
ka Bartimeus.  
"Geura hudang.  
Mantenna  
nyalukan anjeun."







Bartimeus ngalungkeun jubahna,  
tuluy nyampeurkeun ka Yesus.




"Hayang dikumahakeun ku Kami teh?"  
Yesus nanya. Kumaha anjeun bakal  
ngajawabna? Naha anjeun badé  
nyuhunkeun seueur artos atanapi  
baju énggal anu saé? Naha éta  
anu dipikahoyong ku Bartimeus?"




Henteu, Bartimeus nu lolong henteu  
menta emas atanapi baju anu saé  
ka Yesus. Anjeun terang  
manéhna  
hayang naon.



"Gusti, mugia abdi tiasa ningali." Bartimeus hayang ningali! Ningali tatangkalan jeung manuk jeung sagala kaéndahan ciptaan Allah. Anjeunna hoyong ningali supados anjeunna tiasa miara dirina sareng henteu janten pengemis.



Lajeng Yesus ngadawuh ka Bartimeus,  
"Tampa tetempoan anjeun. Iman  
anjeun geus nyalametkeun anjeun."



Ngadadak anjeunna ningali, teras ngiring ka Yesus. Anjeunna ngan tiasa nyarios "Gusti teh luar biasa! Anjeunna nyageurkeun kuring!" Éta pangalaman anu saé pikeun Bartimeus.



Jalma-jalma kabeh anu  
nyaksian, mupuji ka  
Allah. Sakali deui,  
maranéhna geus ningali  
kakuatan Putra Allah  
nu éndah, Yesus,  
nyalametkeun pengemis  
buta miskin.



Yesus Nyageurkeun Nu Lolong

Carita tina Dawuhan Gusti, Alkitab

Kenging ti

Mark 10, Lukas 18, Yoh 9

"Ngawitan bubukana Dawuhan Gusti anu  
masihan Caang." Psalm 119:130





Rengse



Kisah Kitab Suci/Alkitab ieu nyarioskeun kasaean Gusti anu tos ngajantenkeun urang, sareng anu mikahoyong sangkan urang tiasa wanoh ka Anjeuna.

Gusti uningaen yen urang teh tos seueur milampah kasalahan, anu ku Mantena disebut dosa. Hukuman akibat tina dosa teh nyaeta pati, tapi Gusti Allah kacida mikanyaah Saderek dugika ngutus Putrana Yesus, kanggo pupus dina kai palang teras dihukum kumargi sagala dosa Saderek. Teras Yesus gugah deui sareng diangkat ka sawarga! Upami Saderek percanten ka Yesus tur neneda ka Anjeuna supados ngahampura sagala dosa Saderek, Anjeuna baris ngalaksanakeun panuhun Saderek eta! Anjeuna bakal sumping sareng linggih di lebet Saderek ayeuna keneh oge, tur Saderek bakal sasarengan sareng Anjeuna salalamina.

Upami Saderek percanten yen ieu sadaya teh hiji bebeneran, saurkeun ka Gusti sapertos kieu:

Nun Yesus, abdi percanten yen Anjeun teh Gusti, anu mijalma janten manusa tur pupus kanggo sagala dosa abdi, ayeuna Anjeun hirup deui. Sumangga sumping dina kahirupan sim abdi, hapunten sagala dosa abdi, supados abdi tiasa ngengingkeun hirup anu anyar, tur engke dina hiji waktos bakal sasarengan sareng Anjeun salalamina. Tuyun sim abdi supados taat mung ka Anjeun, teras abdi tiasa hirup kanggo Anjeun, salaku Putra Gusti, Amin.

Aos Kitab Suci sareng teras cumarios ka Gusti unggal dinten! Yohanes 3:16

